

Kisa k ap pase nan lekò leta NYC

[عرض هذه الوثيقة باللغة العربية](#) / [এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন](#) /

[查看本文件的中文版](#) / [Consultez ce document en français](#) / [Gade dokiman sa a an kreyòl](#)

[ayisyen](#) / [이 문서를 한국어로 보기](#) / [Consulte este documento en español](#) /

[Перевод документа на русский язык](#) / [یہ دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں](#)

schools.nyc.gov/messagesforfamilies

Semèn 30 out 2021

Kontni:

- [Fowòm pou fanmi sou reouvèti lekòl](#)
- [Gid pou sante ak sekirite ki ajou](#)
- [Prezans ak nòt](#)
- [Mwayen transpò](#)
- [Mizajou enfòmasyon sou jan pou yo kontakte w](#)
- [Rapèl pou vaksinasyon](#)
- [Dènye jou sèvis manje kominoitè](#)

Fowòm pou fanmi sou reouvèti lekòl

Nou envite w patisipe nan fowòm vityèl pou fanmi sou reouvèti lekòl pou konnen preparasyon n ap fè pou premye jou nan ane lekòl 2021-2022 a! Nan fowòm yo, ou pral tande dirèkteman Chanselye Meisha Porter ak yon ekspè nan sante piblik nan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk.

Anplis, sipèntandan egzekitif yo pral revize pwotokòl DOE a pou yon reouvèti san danje, apresya, ap gen yon Q&A andirèk.

Ou ka anrejistre pou fowòm yo nan learndoe.org/face epi ou ka patisipe nan nenpòt sesyon. Si w rate yon sesyon, pa ezite ale nan yon lòt ou chwazi oswa gade youn pita nan learndoe.org/face/recording. Ap gen entèpretasyon disponib nan lang yo pi pale nan chak borough. Ap gen langaj an siy pou moun ki bèbè/soud (American Sign Language, ASL) nan tout sesyon yo.

- **1ye septanm:** Brooklyn, 6:00–7:30 p.m. (Panyòl, Mandaren, Arab)
- **1ye septanm:** Queens, 8:00–9:30 p.m. (Panyòl, Mandaren, Arab)
- **2 septanm:** Bronx, 6:00–7:30 p.m. (Panyòl, Fransè, Arab)
- **2 septanm:** Staten Island, 8:00–9:30 p.m. (Panyòl, Mandaren, Ris)
- **9 septanm:** Manhattan, 8:00–9:30 p.m. (Panyòl, Mandaren, Kantonè)

Gid pou sante ak sekirite ki ajou

Pandan w ap prepare pou premye jou lekòl la, nou espere premye kote ou prale se sou sitwèb DOE pou ane lekòl 2021–22 a: schools.nyc.gov/homecoming. La a w ap jwenn enfòmasyon ki pi ajou sou fason nou ap travay pou kenbe elèv ak estaf ansante ak ansekirite ane lekòl sa a.

Anplis, Majistra Bill de Blasio ak Chanselye Porter pibliye **Gid DOE sou sante ak sekirite pou retou 2021 an**. Gid la gen ladan dènye enfòmasyon sou vaksinasyon, tès sante, pwotokòl karantèn, ak lòt enfòmasyon enpòtan. Li disponib nan plizyè lang sou sitwèb nou an.

Prezans ak nòt

Prezans

Prezans regilye lekòl enpòtan anpil pou aprann avèk siksè. Men règleman prezans pou ane lekòl 2021-22 a:

An-pèson: Pou yo make pitit ou a “prezan,” li dwe prezan fizikman nan salklas la oswa nan anviwònman aprantisaj lekòl la pou omwen yon peryòd ansèyman pandan jounen lekòl la.

Adistans: Lè elèv yo dwe adistans (pa egzanp, lè yo mete yo nan karantèn oswa bilding lekòl yo fèmen an antye oswa an pati), yo dwe prezan sou entènèt pou enstriksyon senkronik oswa asenkronik pandan lè yo pwograme pou jounen an.

Nòt

Nòt yo bay oumenm ak elèv ou a fidbak enpòtan sou fason l ap pwogrese nan aprantisaj li. Men sa ou bezwen konnen sou nòt pou 2021–22:

- Lekòl yo ap kontinye chwazi pwòp echèl nòt yo—menm jan yo te fè sa avan pandemi an ak tou apati ane lekòl pase a. Opsyon nòt yo genyen echèl 1–4 la, echèl alfabetik (A–F), ak echèl 100 pwen an. "Course in Progress/Kou an pwogrè" (NX) ki disponib pou elèv endividyèl nan sikonstans eksepsyonèl.
 - Paran lekòl presegondè ak segondè ap kontinye règleman yo te adopte ane pase a pou chwazi ranplase nenpòt nòt final pase elèv la avèk yon nòt "CR" oswa "P", ki vle di pran kredi oswa pase kou a.
 - Lekòl yo pa pral konsidere prezans pou bay nòt ditou, pandan y ap kontinye règleman yo te adopte ane lekòl pase a. Nòt elèv ou a ap baze sitou sou pwogrè akademik li.

Mwayen transpò

Otobis lekòl ki ap transpòte elèv yo ap suiv pwotokòl Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) ak Eta Nouyòk dekri. Otobis yo ap suiv etap sa yo:

- Lè sa pratik ak lè tan an pèmèt sa, fenèt otobis yo ap rete ouvri epi sistèm lè a nan otobis la ap mache nan mòd ki pa resikle lè a pandan trajè a; tanpri abiye pitit ou a yon fason apwopriye.
- Tout moun ki nan yon otobis lekòl dwe mete kouvèti figi (mask) toutan kèlkeswa kondisyon vaksinasyon li, sof si li gen yon dispans medikal ki apwouve pou obligasyon mask la.
- Elèv dwe kenbe distans fizik lè sa posib.

Mizajou enfòmasyon sou jan pou yo kontakte w

Rete okouran pou anons enpòtan DOE, ladan lè lekòl ap fèmen ak aktivite k ap fèt nan distri w la oswa nan tout vil la ! Avèk yon kont Lekòl Vil Nouyòk (NYCSA), ou ka mete enfòmasyon kontak ou ajou, ranpli fòm lekòl enpòtan sou entènèt, wè nòt, orè, nòt tè, transpò yo bay, prezans pitit ou a ak plis ankò.

Ou ka enskri pou yon kont jodi a avèk jis non ou ak enfòmasyon kontak ou! Pou konekte yon kont avèk dosye lekòl pitit ou a, tanpri kontakte lekòl ou a pou konfime enfòmasyon ou yo.

Jwenn plis enfòmasyon nan: schools.nyc.gov/nycsa

Rapèl pou vaksinasyon

Vaksinasyon se etap ki pi enpòtan ou ka pran pou pwoteje oumenm ak fanmi ou kont COVID-19, epi tout moun ki abite Nouyòk ki gen laj 12 ane pou pi piti elijib kounye a pou resevwa vaksen COVID-19 la. Si ou gen yon timoun ki gen omwen 12 zan epi li poko pran tout dòz vaksen li, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal ak DOE ankouraje w seryezman pou pran yon randevou vaksinasyon pou li pi vit posib lè w ale nan vaccinefinder.nyc.gov. Pou enfòmasyon DOE ki ajou sou vaksinasyon, ale nan schools.nyc.gov/covid19.

Dènye jou sèvis manje kominoitè

Dènye jou sèvis manje kominoitè nan lekòl Vil Nouyòk yo se **Vandredi 10 septanm**. Apati **Lendi 13 septanm**, tanpri ale nan kote sa yo: food pantry, soup kitchen, green market, oswa rele 311 pou ede w jwenn yon lokal bò lakay ou. Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan nyc.gov/getfood.

Tanpri sonje Depatman Edikasyon Vil Nouyòk kontinye ofri manje maten, manje midi, ak manje apre lekòl gratis pou tout elèv lekòl leta Vil Nouyòk pandan ane lekòl la. N ap tann pou akeyi elèv nou yo yon lòt fwa ak sèvi yo yon repa fre ak nourisan.